

**TRIBINAL DISTRI ETAZINI POU DISTRI LÈS NOUYÒK**

**AVI SOU ARANJMAN ARANJMAN YO PWOPROZE POU PWOSÈ KOLEKTIF**

**Se yon tribunal ki te otorize avi sa a. Se pa yon demand yon avoka fè.**

**Èske w gen yon timoun ki:**

- a) gen dyabèt tip 1 oswa tip 2; epi
- b) ki nan lekòl leta Depatman Edikasyon Vil Nouyòk kounye a oswa ki pral nan lekòl leta Depatman Edikasyon Vil Nouyòk?

**POU:** Tout elèv ak paran elèv ki gen dyabèt ki bezwen swen ki gen rapò avèk dyabèt epi ki nan lekòl Depatman Edikasyon Vil Nouyòk kounye a oswa ki pral nan lekòl Depatman Edikasyon Vil Nouyòk. Sa pa aplike pou elèv ki nan lekòl charter, lekòl prive, oswa pwogram preskolè.

**TANPRI PRAN TAN W POU BYEN LI AVI SA A. DWA OU GENYEN KA AFÉKTE PA PWOSEDI  
LEGAL NAN LITIJ SA A.**

Aranjman yo pwopoze a ("Aranjman" an) evite yon pwosè ki di ke defandan yo, (Depatman Edikasyon (DOE), Depatman Sante ak Ijyèn mantal Vil Nouyòk, Biwo Sante lekòl, ak Vil Nouyòk) fè diskriminasyon kont elèv ki gen dyabèt ki nan lekòl DOE. Pwosè a ap pale yon fason espesifik sou akomodasyon ak sèvis pou elèv ki gen dyabèt nan lekòl DOE.

**MEN DWA LEGAL AK OPSYON OU GENYEN NAN ARANJMAN SA A**

- **Kontestasyon**— Ou ka ekri Tribunal la si w pa dakò ak Aranjman sa a.
- **Ale nan Odisyon san patipri a**— Ou ka mande pale avèk Tribunal la konsènan nivo jistis ki gen nan Aranjman an.
- **Si w pa fè anyen** epi Tribunal la apwouve Aranjman sa a, kòm yon manm Gwoup la, w ap lye avèk sa ki di nan Aranjman sa a.
- Nou eksplike dwa ak opsyon sa yo nan Avi sa a. **Gen dat limit pou egzèse dwa ak opsyon sa yo.**

## **ENFÒMASYON JENERAL**

### **1. Pou kisa y ap fè pwersè sa a ?**

Twa timoun ki gen dyabèt, atravè paran yo, ansanm ak Asosyasyon Ameriken pou Dyabèt (American Diabetes Association) (ansanm yo rele yo "Pleyan"), depoze yon plent kont Depatman Edikasyon Vil Nouyòk pou jwenn pi bon swen nan lekòl pou timoun ki gen dyabèt. Yo rele pwersè sa a *M.F., et al. v. New York City Department of Education, et al.*, Civil No. 18-CV-6109.

Pleyan yo akize ke lekòl Depatman Edikasyon Vil Nouyòk vyole lwa federal ki pwoteje moun ki gen andikap, espesyalman moun ki gen dyabèt, paske lekòl yo:

- Pa pwograme ni fè reyinyon ki rele reyinyon Seksyon 504, ni yo pa ekri ni aplike plan Seksyon 504 la ki dekri swen ak akomodasyon ki gen rapò avèk dyabèt ke elèv ki gen dyabèt bezwen pou yo ale lekòl ansekirite epi jwenn avantaj nan edikasyon yo, tankou mwayen trampò ak aktivite anplis andeyò kourikoulòm lekòl la;
- Pa fè fòmasyon kòmsadwa pou enfimyè lekòl, parapwofesyonèl, èd, pwofesè, asistan pwofesè ak lòt manm estaf sou swen pou dyabèt pou satisfè bezwen elèv ki gen dyabèt, tankou fòmasyon nan siveyans glikoz nan san, oswa kijan enfimyè lekòl ka bay ensilin;
- Retire elèv ki gen dyabèt yo nan salklas la san nesesite pou resevwa swen woutin ki gen rapò avèk dyabèt, sa ki lakòz yo rate tan enstriksyon enpòtan.
- Pa bay elèv ki gen dyabèt aksè nan lekòl ak nan aktivite ki gen rapò avèk lekòl tankou pwomnad, aktivite apre lekòl ak aktivite anplis andeyò kourikoulòm lekòl la, ak manje maten nan lekòl lè yo pa ba yo swen ki nesesè ki gen rapò avèk dyabèt.

Plis enfòmasyon sou pwersè sa a ki gen Plent la ladan, disponib la a:

<https://dralegal.org/case/m-f-v-new-york-city-department-of-education/>

Gen plis enfòmasyon sou swen pou dyabèt nan lekòl leta Vil Nouyòk ki diponib la a:

<https://www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/staying-healthy/diabetes>

### **2. Kisa aksyon kolektif ye ?**

Pleyan yo te fè reklamasyon nan non yo ak nan non lòt elèv ki te ka afekte avèk pratik sa yo. Tribinal la nonmen Pleyan yo pou sèvi kòm Reprezantan kolektif nan non tout elèv ki afekte yo (yo rele tou Manm Gwoup la oswa klas).

### **3. Poukisa gen yon Aranjman?**

Olye pou yo fè yon jijman, Pleyan ak defandan yo dakò pou fè aranjman pou ka a. Pleyan yo kwè Aranjman yo fè a li jis, sifizan, rezonab epi li nan pi bon enterè manm Gwoup la. Lè yo rive jwenn konklizyon sa a, Gwoup ki reprezante aksyon kolektif la ak avoka yo konsidere avantaj Aranjman lan, rezulta posib pou pwosedi jisti ki kontinye ak depans ak dire pwosedi jistis ki kontinye yo ak posiblité pou ale ann apèl.

### **4. Kiyès kap benefisyen nan Aranjman sa a?**

Tout elèv ki gen dyabèt ki nan lekòl DOE kounye a oswa ki pral nan yon lekòl DOE alavni.

### **5. Kisa pou m fè si mwen pa sèten si mwen menm oswa ptit mwen an ladan?**

Si w pa sèten si oumenm oswa ptit ou a fè pati aksyon kolektif (Class) ak si li nan Aranjman an, tanpri voye yon imèl ba defansè dwa moun ki gen andikap (Disability Rights Advocates) nan diabeteslawsuit@dralegal.org oswa rele nan (332) 217-2362 pou jwenn plis enfòmasyon.

### **6. Èske yo ka bay yon elèv lajan dapre Aranjman sa a?**

Non. Aranjman an pa bay manm Gwoup la okenn reparasyon finansye.

### **KISA ARANJMAN AN BAY MOUN GWOUP LA**

Si yo apwouye Aranjman an, Defandan yo pral mete kèk règleman avèk pratik anplas. Aranjman an pral anvigè apati 1<sup>ye</sup> septanm 2023 rive 15 out 2026 (yo ka ajiste kalandriye a si Tribunal la apwouye yon Aranjman apre 31 out 2023). Gen yon kontwolè ak yon ekspè endepandan ki pral sipèvize si Defandan yo respekte aksyon ki obligatwa pou Aranjman an pandan tan Aranjman an ap dire a.

Avi sa a rezime kondisyon ki nan Aranjman an:

- Amelyore planifikasyon pou elèv ki gen dyabèt lè yo asire, pwograme epi fè reyinyon Seksyon 504, epi kreye ak siyen Plan Seksyon 504, epi Plan Seksyon 504 yo gen ladan tout akomodasyon Ekip Seksyon 504 la deside. Plan Seksyon 504 la dekri swen ak akomodasyon ki gen rapò avèk dyabèt ke elèv ki gen dyabèt bezwen pou yo ale lekòl ansekirite epi jwenn avantaj nan edikasyon ak lòt aktivite ki gen rapò avèk edikasyon.
  - Pou elèv ki gen dyabèt ki ap retounen nan menm lekòl la lòt ane lekòl la:

- Kowòdonatè Seksyon 504 yo pral pwograme yon reyinyon Seksyon 504 nan non yon elèv ki retounen, k ap fèt nan 15 jou lekòl apre yo resevwa demann pou sèvis sante a, oswa avan fen ane lekòl la, kèlkeswa sa ki vini avan. Si paran elèv k ap retounen an pa ka patisipe nan yon Reyinyon Ekip 504 nan delè sa a, Kowòdonatè 504 la ka pwograme yon reyinyon nan yon dat ki pi lwen lè paran an disponib.
- Pou elèv ki gen dyabèt k ap kòmanse lekòl pou premye fwa, k ap kòmanse nan yon novo lekòl oswa ki fèk dyagnostike ak dyabèt (novo elèv):
  - Kowòdonatè Seksyon 504 yo pral pwograme yon reyinyon Seksyon 504 pou pi vit posib, pou lè yo bezwen sèvis enfimyè oswa yon parapwofesyonèl, pa pita pase 15 jou apre premye jou lekòl la (si yo te voye Fòm pou bay medikaman dyabèt la (DMAF) oswa demann pou akomodasyon Seksyon 504 la avan kòmansman ane lekòl la) oswa 15 jou apre yo resevwa demann pou sèvis sante a (pou DMAF la oswa demann ki fèt apre kòmansman ane lekòl la) amwenke yo ta bezwen plis tan pou akomode orè yon paran.
- Pou tout novo elèv (sa ki fèk enskri, transfere, ak/oswa dyagnostike), elèv manm Gwoup la:
  - Depi DMAF la klè ak san konfizyon, yon infimyè estaf lekòl la ka kòmanse bay swen ki gen rapò avèk dyabèt imedyatman. Si DMAF la pa klè epi gen konfizyon, oswa infimyè lekòl la sou kontra olye se yon anplwaye pèmanan, Biwo sante lekòl (Office of School Health, OSH) a ap revize DMAF la epi voye li bay enfimyè lekòl la pi vit posib epi pa pita pase pwochen jou lekòl la.
  - Osito posib DOE resevwa yon DMAF epi nan nenpòt ka pa pita pase 5 jou lekòl apre DOE resevwa li (sòf si yo bezwen plis tan pou akomode orè paran an), lekòl la pral òganize yon reyinyon avèk paran an, enfimyè lekòl la, Ekip Dyabèt OSH la si sa posib, avèk yon administratè lekòl la ki gen otorite sou anplwaye ki nan lekòl la, pou pale sou bezwen elèv la epi bay yon plan swen ant lè DMAF la klè ak san konfizyon, ak lè yo kapab fè yon Reyinyon Seksyon 504 epi gen yon plan final pou Seksyon 504 la. Reyinyon an pral fokis sou swen ak fòmasyon ki gen rapò avèk dyabèt pou adilt ki gen responsablite pou elèv la.

- Pou tout elèv Manm Gwoup la:
  - Ekip seksyon 504 yo sipoze epi y ap raple yo pou itilize yon model plan Seksyon 504 yo te devlope nan pwose sa a pou elèv ki gen dyabèt epi ki bezwen sèvis ak akomodasyon, ansanm ak moun ki bezwen fòmasyon.
  - Yo pa ka refize yon elèv akomodasyon ki nesesè akoz mank finansman.
  - Yo dwe apwouve yon Plan Seksyon 504 nan fen reyinyon Seksyon 504 la, lè sa posib.
- Fòmasyon enfimyè lekòl, parapwofesyonèl, èd, pwofesè, ranplasan, chofè otobis, matwòn, ak lòt estaf lekòl yo sou swen pou dyabèt pou satisfè bezwen elèv ki gen dyabèt:
  - Tout materyèl fòmasyon yo pral ajou jan sa nesesè daprè Asosyasyon Ameriken Dyabèt la.
  - Enfimyè:
    - Tout nouvo enfimyè pral resevwa fòmasyon inisyal sou swen ki gen rapò avèk dyabèt, dwa elèv ki gen dyabèt, planifikasyon seksyon 504, ak teknoloji dyabèt nan sis semèn apre premye jou travay nouvo enfimyè yo oswa pandan oryantasyon enfimyè ki sou kontra yo. Yo p ap mete nouvo enfimyè nan yon lekòl toutotan yo pa fini avèk oryantasyon an.
    - Tout enfimyè pral resevwa fòmasyon espesyal sou bezwen patikilye elèv yap pran swen an, tankou teknoloji dyabèt. Pa egzanp, yon enfimyè kap trete yon elèv ki itilize Dexcom 6 Continuous Glucose Monitor (CGM) pral resevwa fòmasyon sou aparèy espesifik sa a.
    - Yo pral bay fòmasyon anplis si yo fèk dyagnostike yon elèv oswa si li antre lekòl la apre kòmansman ane lekol la, si gen yon nouvo aspè nan rejim tretman dyabèt yon elèv, oswa si li apwopriye pou bay fòmasyon anplis sou plan klinik. Paran ka mande plis fòmasyon si Ekip enfimyè Dyabèt la oswa Enfimyè anchèf la dakò, yo dwe bay enfimyè kap travay yo fòmasyon an nan lespas 5 jou lekòl apre yo fin idantifye bezwen fòmasyon an, epi pou yo fè kontra avèk enfimyè pa pita pase 10 jou lekòl apre yo idantifye bezwen an.

- Tou enfymyè pral resevwa fòmasyon chak ane sou swen ki gen rapò avèk dyabèt avan kòmansman ane lekòl la oswa pi vit posib apre sa a.

- Parapwofesyonèl:

- Kou Ekip seksyon 504 la detèmine pou mete yon parapwofesyonèl pou bay swen ki gen rapò avèk dyabèt enpòtan, yo pral idantifye yon parapwofesyonèl san pèdi tan epi nan pifò ka yo nan espas 5 jou lekòl.
- Tout parapwofesyonèl pral resevwa fòmasyon sou swen ki gen rapò avèk dyabèt epi travay yo dwe fè a, ansanm ak fòmasyon espesifik pou elèv espesifik yo ap ede yo.
- Chak ane tout parapwofesyonèl yo pral resevwa fòmasyon pou yo ka kontinye bay elèv ki gen dyabèt yo swen. Yo ka bay fòmasyon anplis lè sa nesesè epi paran ka mande sa.

- Kowòdonatè Seksyon 504:

- Tout anplwaye lekòl k ap sèvi kòm Kowòdonatè Seksyon 504 nan chak lekòl ap resevwa fòmasyon sou planifikasyon Seksyon 504, ki gen ladan fòmasyon resiklaj (pou Kowòdonatè Seksyon 504 ki retounen) yo dwe konplete avan 15 Avril chak ane lekòl avan reyinyon Seksyon 504 k ap fèt nan mwa Me ak Jen.

- Responsabilite pwofesè DOE, antrenè, ak lòt adilt genyen pou yon elèv ki gen dyabèt:

- Tout adilt sa yo ki gen responsabilite pou yon elèv ki gen dyabèt dwe resevwa Fòmasyon Nivo 1 ki gen ladan yon konpreyansyon debaz sou dyabèt ak kijan sa ka afekte kapasite yon elèv pou patisipe nan lekòl la epi aktivite ki gen rapò avèk lekòl la, kijan pou rekonèt epi pote repons pou siy ak sentòm ipoglismi (lè sik ou ba) ak ipèglisemi (lè sik ou wo), kijan yo reponn ipoglismi ak ipèglisemi, ki moun pou yo kontakte imedyatman nan ka yon ijans, epi akomodasyon komen yo konsidere pou elèv ki gen dyabèt. Fòmasyon sa a pral fèt nan lespas 10 jou lekòl apre yo fin identifye bezwen pou fòmasyon an.

- Yon kantite adilt sifizan dwe resevwa Fòmasyon Nivo 2 (ki pou Parapwofesyonèl oswa anplwaye lekòl yo idantife) ki gen ladan fòmasyon Nivo 1 ak fòmasyon pou egzekite lòt responsablite tankou siveye glikoz nan san, bay glucagon, siveye ketonn, sipèvize kijan yap bay ensilin, epi kisa pou w fè nan ka yon ijans pou dyabèt. Sa asire ke omwen yon manm estaf lekòl la ki resevwa fòmasyon disponib pandan jounen lekòl la, nan pwomnad, pandan aktivite anplis kourikoulòm lekòl la (pa egzanp, yon pwogram mange matin), oswa lòt aktivite ki gen rapò avèk lekòl la jan sa nesesè. Fòmasyon sa a pral fèt nan lespas 15 jou lekòl apre yo fin identifye li kòm bezwen pou fòmasyon.
- Chofè otobis ak matwòn:
  - Tout adilt ke DOE idantife kòm moun k ap transpòte yon elèv DOE ki gen yon DMAF ta dwe resevwa Fòmasyon Nivo 1 jan yo dekri sa anlè a, ansanm ak fòmasyon nan bay glucagon. Fòmasyon sa a pral fèt avan premye jou lekòl la pou chofè ak matwòn ke yo identifye avan premye jou lekòl la. Apre fòmasyon an, DOE ap bay chofè ak matwòn yo yon "gid aksyon rapid" ki idantife sentòm ipoglisemi ki ka pi grav jiska sa ki pi legè pou elèv la, sentòm grav ki pou ipoglisemi ak ipèglisemi, fòm ki gen preskripsyon glucagon elèv la, epi ki kote glucagon, ti goute pou dyabèt, ak dlo paran an bay elèv la ye (pa egzanp, pòch devan sak lekòl la) pandan li nan otobis la.
- Yo dwe bay akomodasyon nan anviwonman ki gen mwens restriksyon pou pèmèt elèv la kominike nan pi gwo mezi posib avèk kamarad klas li ki pa gen andikap, nan lide pou limite enstriksyon yo pèdi ak separasyon avèk kamarad klas yo.
- Mete fen nan esklizyon elèv ki gen dyabèt nan lekòl ak aktivite lekòl fè tankou, pwomnad, aktivite apre lekòl ak aktivite anplis kourikoulòm lekòl, epi manje maten nan lekòl lè yo pa ba yo swen ki nesesè ki gen rapò avèk dyabèt pandan aktivite sa yo.

## **7. Èske mwen ka renonse nenpòt dwa mwen genyen si Aranjman an apwouye?**

Dapre Aranjman sa a, Pleyan yo dakò pou abandone sèten reklamasyon ak abandone sèten reklamasyon nan non Gwoup la:

- Plenyen yo ak Gwoup yo site a renonse nenpòt reklamasyon ki gen rapò avèk reklamasyon enjonksyon sistemik nan bay akomodasyon ak pou elèv ki gen dyabèt ki te

parèt avan dat Aranjman an vin anvigè a. Sa vle di ke ni Pleyan yo, pèson nan moun nan Gwoup la (Class Member) pap kapab pote yon lòt pwosè pou defye mank akomodasyon ak sèvis pou elèv ki gen dyabèt sou evènman ki te rive avan Aranjman sa a vin anvigè.

- Ni Pleyan yo, ni Manm Gwoup la pa bay okenn lòt reklamasyon endividyle ki gen rapò avèk dyabèt tankou reklamasyon jistis ki soti anba Lwa Edikasyon Moun Andikape yo oswa Seksyon 504, oswa nenpòt reklamasyon finansye.

#### **8. Kisa Aranjman an bay pou Pleyan yo?**

Kòm yon pati nan Aranjman an, Defandan yo te dakò pou peye twa Pleyan yo \$5,000 chak pou sèvis reprezantan klas yo.

#### **AVOKA KI SOU KA A**

#### **9. Èske mwen gen yon avoka pou ka sa a ?**

Wi. Si oumenm oswa pitit ou a se yon Manm Gwoup la, avoka Disability Rights Advocates, yon gwoup ki pa la pou fè pwofi, ap reprezante ou sèlman pou rezon litij sa a. Disability Rights Advocates gen eksperyans nan plede jan ka sa yo konsènan dwa andikape. Gen plis enfòmasyon sou Disability Rights Advocates ak eksperyans avoka yo ki disponib sou <http://www.dralegal.org>.

Yo pa p fè w peye pou avoka sa yo ki reprezante w nan zafè sa a. Si w vle gen pwòp avoka w pou reprezante w, ou ka anplwaye yonn w ap gen pou peye ak pwòp lajan w.

#### **10. Kòman y ap peye avoka yo?**

Defandan yo pral peye avoka yo nan ka sa a. Aranjman an fè konnen avoka pou Pwosè kolektif la ka mande frè rezonab pou peye avoka poutèt y ap envestige sa ki te pase, pou suiv ka a nan tribinal, negosye Aranjman an, epi kontwole aplikasyon aksyon yo pwopoze nan Aranjman an. Peman frè avoka yo p ap gen enpak sou sèvis Defandan yo te bay dapre Aranjman sa a, oswa règleman ak pratik Defandan yo te dakò aplike.

#### **KONTESTASYON ARANJMAN AN**

#### **11. Kòman mwen ka di Tribunal la ke mwen pa renmen Aranjman an?**

Tribinal la dwe apwouve Aranjman an avan li antre anvigè.

Ou ka fè objeksyon nan Aranjman sa a si ou pa renmen okenn pati ladan li. Tribunal la pral konsidere opinyon w yo. Pou w fè objeksyon, ou dwe voye yon imèl bay Tribunal la epi kopye

tout Avoka yo ladan (wap jwenn adrès imèl la pi ba) ki di: "I object to the settlement in M.F., et al v. New York City Department of Education, et al." Ou dwe mete non ou, imèl ou, adrès kote ou rete, nimewo telefòn kote yo ka jwenn ou pi fasil, rezon espesifik pou w fè objeksyon apou Aranjman an, kopi nenpòt dokiman ou vle Tribunal la konsidere, ak yon deklarasyon si objeksyon an aplike sèlman pou tèt ou, yon moun espesifik nan pwose kolektif la, oswa tout moun nan Gwoup la. Si w ap fè objeksyon epi ou vle pale nan odyans vityèl la, ou dwe di sa nan objeksyon an alekri oswa voye yon avi separe pou pale sou sa (yo pale sou sa nan Kesyon 14 pi ba a). Siw pa gen imèl ki disponib, ou ka voye objeksyon ou a pa lapòs nan premye klas bay Judge's Courtroom Deputy ak tout kopi ou te voye bay avoka yo. Men imèl ak adrès pou voye palapòs yo:

Victor Joe  
Courtroom Deputy of Judge Gershon  
[Victor\\_Joe@nyed.uscourts.gov](mailto:Victor_Joe@nyed.uscourts.gov)  
United States District Court for the Eastern District of New York  
225 Cadman Plaza East  
Brooklyn, NY 11201

Torie Atkinson  
Disability Rights Advocates  
[diabeteslawsuit@dralegal.org](mailto:diabeteslawsuit@dralegal.org)  
655 Third Avenue, 14<sup>th</sup> Floor  
New York, NY 10017

Chlarens Orsland  
New York City Law Department – General Litigation Division  
[corsland@law.nyc.gov](mailto:corsland@law.nyc.gov)  
100 Church Street, Room 2-174  
New York, NY 10007

**Ou dwe swa voye objeksyon ou an pa imèl oswa pa lapòs pa pita pase 27 FEVRIYE 2023.**  
Avoka Gwoup la, Disability Rights Advocates, pral depoze nenpòt objeksyon sou dosye elektwonik la epi voye yon resi pa imèl oswa pa lapòs bay Manm Gwoup la.

## **ODISYON SAN PATIPRI A**

### **12. Kilè tribunal la pral pran yon desizyon konsènan Aranjman an?**

Tribinal la pral organize yon Odyans Vityèl **19 Avril 2023**, a **2:00 PM**. Nan Odyans Vityèl sa a, Tribunal la ap konsidere si Aranjman an jis, apwopriye, epi rezonab. Si ou te voye nenpòt objeksyon alekri oswa pa lapòs nan dat limit pou objeksyon an, Tribunal la pral konsidere yo. Jij la pral tande moun ki byen fè demann pou yo pale nan odyans lan yon fason apwopriye. Apre odisyon an, Tribunal la pral deside si pou l apwouve Aranjman an. Nou pa konnen nan konbyen tan yap pran desizyon sa yo. Si Tribunal la apwouve Aranjman an apre Odisyon san patipri a, ou ka toujou fè kontestasyon. Si yo depoze nenpòt kontestasyon, li pa sèten konbyen tan li ka pran pou rezoud. Si Aranjman an apwouve, epi pa gen moun ki fè apèl, DOE ap kòmanse pran aksyon ke Aranjman an rekòmande yo.

### **13. Èske mwen dwe ale nan odisyon an ?**

Non. Avoka Disability Rights Advocates yo pral patisipe nan odyans lan epi reponn nenpòt kesyon Jij la ka genyen sou ka a. Men ou lib pou w ale nan odyans lan sou pwòp frè w. Ou ka rantre nan odyans vityèl la sou lyen Zoom sa a:

<https://nyed.zoomgov.com/j/1600673093?pwd=VXBwTVFNZUg3bjZKUUFNV1EwTmlVZz09>

ID reyinyon: 160 067 3093  
Modpas: 090317

Oswa pa telefòn nan nimewo sa a:

1 (646) 828-7666  
ID reyinyon: 160 067 3093  
Modpas: 090317

Nenpòt chanjman nan dat oswa lè odyans lan ap disponib sou sitwèb Disability Rights Advocates nan <https://dralegal.org/press/nyc-school-diabetes-settlement-fairness-hearing/>. Si ou voye yon objeksyon alekri, ou pa oblige ale nan odyans lan pou pale sou li. Depi ou te voye kontestasyon ou fè alekri a pa imèl oswa pa lapòs alè, Tribunal la pral konsidere li. Ou ka peye pwòp avoka w pou reprezante w, men li pa nesesè. Si ou vle pale nan Odyans lan, ou dwe di sa swa nan objeksyon ou an oswa nan yon avi separe sou sa ou gen entansyon pale a.

#### **14. Èske m ka pale nan odisyon an?**

Ou ka mande Tribunal la pèmisyon pou pale nan Odisyon san patipri sou Aranjman an. Tanpri sonje ke nenpòt kòb sa koute pou patisipe nan odyans lan pral sou pwòp depans ou. Pou mande pou pale nan odyans lan, si ou pat fè konnen entansyon ou pou pale nan yon objeksyon sou aranjman an, ou dwe voye yon imèl bay Court copying all Counsel ki fè konnen entansyon w pou parèt nan *M.F. v. New York City Department of Education*, Civil No. 18-CV-6109 (NG). Asire ou mete non w, adrès ou, nimewo telefòn ou, siyati w, ak tout temwen ou ka rele pou temwaye ak dokiman ou gen entansyon prezante kòm prèv nan odisyon an. Si w pa gen imèl ki disponib, ou ka voye objeksyon ou a pa lapòs nan premye klas bay Judge's Courtroom Deputy ak kopi ou voye bay avoka yo. Itilize imel oswa adrès postal nou mete pi wo a nan Keson 11 lan. **Ou dwe swa voye objeksyon ou an pa imèl oswa pa lapòs pa pita pase 27 FEVRIYE 2023.** Avoka pwose Kolektif la, Disability Rights Advocates, pral depoze nenpòt objeksyon sou dosye elektwonik la epi voye yon resi pa imèl oswa pa lapòs bay Manm Gwoup la.

#### **15. Kisa k ap pase si m pa bay konsantman mwen?**

Ou pa bezwen fè anyen pou w gen resevwa proteksyon sou Aranjman sa a alavni.

#### **POU W JWENN PLIS ENFÒMASYON**

#### **16. Èske gen plis detay sou Aranjman an?**

Avi sa a rezime Aranjman an. Gen plis detay sou Aranjman an limenm. Nan mezi avi sa a ta ka diferan avèk Aranjman an, kondisyon ki nan Aranjman an kòrèk.

Ou ka jwenn yon kopi Akò a lè w al sou sit wèb Advocates for Children lan nan [www.advocatesforchildren.org](http://www.advocatesforchildren.org).

<https://dralegal.org/case/m-f-v-new-york-city-department-of-education>/Ou ka mande tou yon kopi Aranjman an, poze kesyon sou Aranjman an, oswa mande nenpòt lòt dokiman nan ka sa a, tankou mosyon pou Apwobasyon Preliminè ak desizyon Tribunal la avan sa, rele nan (332) 217-2362 oswa voye yon imèl nan [diabeteslawsuit@dralegal.org](mailto:diabeteslawsuit@dralegal.org).

Finalman, ou ka jwenn aksè nan dosye Tribunal la nan ka sa a lè w vizite biwo Clerk of the Court for the United States District Court for the Eastern District of New York, 225 Cadman Plaza East, Brooklyn, New York 11201, ant 8:30 a.m. ak 4:30 p.m., Lendi jiska Vandredi, eksepte jou ferye Tribunal yo.

Tanpri pa rele Tribunal la oswa biwo Grefye Tribunal la pou pale sou Aranjman sa a.

Si oumenm oswa pitit ou a se yon elèv ki gen dyabèt epi w ap fè fas avèk pwoblèm ki gen rapò avèk swen pitit ou a nan lekòl la, ou ka kontakte DOE dirèkteman:

Direktè pwogram Seksyon 504 pou Depatman Edikasyon Vil Nouyòk, Biwo Sante Lekòl  
(212) 287-0354  
[504Questions@schools.nyc.gov](mailto:504Questions@schools.nyc.gov)  
OSWA

Direktè sante pou lekòl pitit ou a:

Tanpri visite <https://www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/staying-healthy/diabetes> for up-to-date Health Director contact information.

#### **ACCESS/District 79 (Transfer Schools, District 79 & Consortium/Internationals/ NYC Outward Bound Schools)**

Direktè sante: Norberto Perez  
Imèl: [NPerez4@schools.nyc.gov](mailto:NPerez4@schools.nyc.gov)  
Nimewo telefòn: 646-413-5069  
Adrès: 4360 Broadway, New York, NY 10033

#### **Brooklyn North (Distri 13, 14, 15, 16, 19, 23, 32)**

Direktè sante: Norberto Perez (I.A.)  
Imèl: [NPerez4@schools.nyc.gov](mailto:NPerez4@schools.nyc.gov); [BkNorthHealth@schools.nyc.gov](mailto:BkNorthHealth@schools.nyc.gov)  
Nimewo telefòn: 646-413-5069  
Adrès: 4360 Broadway, New York, NY 10033

#### **Brooklyn South (Distri 17, 18, 20, 21, 22)**

Direktè sante: Juliana Felix-Barret  
Imèl: [JFelixBarret@schools.nyc.gov](mailto:JFelixBarret@schools.nyc.gov)  
Nimewo telefòn: 718-759-4921  
Adrès: 415 89th Street, Rm 509, Brooklyn, NY 11209

#### **Bronx (Distri 7, 8, 9, 10, 11, 12)**

Direktè sante: Marleni Moreira  
Imèl: [MMoreira3@schools.nyc.gov](mailto:MMoreira3@schools.nyc.gov)  
Nimewo telefòn: 718-828-4785  
Adrès: 1230 Zerega Avenue, Bronx, NY 10462

**Manhattan (Distri 1, 2, 4, 6)**

Direktè sante: Magdalene Gomes  
Imèl: [MGomes6@schools.nyc.gov](mailto:MGomes6@schools.nyc.gov)  
Nimewo telefòn: 212-356-3867  
Adrès: 333 7th Avenue, Rm 827 New York, NY 10001

**Manhattan (Distri 3, 5)**

Direktè sante: Stephanie Caloir  
Imèl: [SCaloir@schools.nyc.gov](mailto:SCaloir@schools.nyc.gov)  
Nimewo telefòn: 718-556-8383; 646-369-2502  
Adrès: 715 Ocean Terrace, Rm A-309 Staten Island, NY 10301

**Queens North (Distri 24, 25, 26, 30)**

Direktè sante: Carin Jean Pierre-Destin  
Imèl: [CPierre@schools.nyc.gov](mailto:CPierre@schools.nyc.gov)  
Nimewo telefòn: 718-281-3410  
Adrès: Queens North 30-48 Linden Place, Flushing, NY 11354

**Queens South (Distri 27, 28, 29)**

Direktè sante: Edith Richards  
Imèl: [ERichards7@schools.nyc.gov](mailto:ERichards7@schools.nyc.gov)  
Nimewo telefòn: 718-348-2956  
Adrès: 82-01 Rockaway Blvd, Rm 420, Queens, NY 11416

**Staten Island( Distri 31)**

Direktè sante: Stephanie Caloir  
Imèl: [SCaloir@schools.nyc.gov](mailto:SCaloir@schools.nyc.gov)  
Nimewo telefòn: 718-556-8383; 646-369-2502  
Adrès: 715 Ocean Terrace, Rm A-309 Staten Island, NY 10301

**Distri 75**

Direktè sante: Shona Gibson  
Adam Breier  
Imèl: [SGibson4@schools.nyc.gov](mailto:SGibson4@schools.nyc.gov)  
[ABreier@schools.nyc.gov](mailto:ABreier@schools.nyc.gov)  
Nimewo telefòn: 212-802-1552  
718-923-5087  
Adrès: 400 First Avenue, Rm 715 New York, NY 10010

Si w gen kesyon sou Aranjman sa a, ou ka kontakte Class counsel Disability Rights Advocates:

DISABILITY RIGHTS ADVOCATES

[diabeteslawsuit@dralegal.org](mailto:diabeteslawsuit@dralegal.org)

655 Third Avenue, 14<sup>th</sup> Floor

New York, NY 10017

Tel: (332) 217-2362

<http://www.dralegal.org>

Si w gen kesyon sou dyabèt nan lekòl, ou ka kontakte:

AMERICAN DIABETES ASSOCIATION

1-800-DIABETES (342-2383)

[askada@diabetes.org](mailto:askada@diabetes.org)

<http://www.diabetes.org/safeatschool>